

Enfòmasyon sou Tès pou Viris Zika (si ou Vil New York)

1. Pale avèk pwofesyonèl swen sante ou konsènan Zika.

Nan moman sa a, ou kapab fè tès la si ou:

- Ansent, epi ou te vwayaje nan kote viris Zika ap transmèt pandan ou te ansent lan
- Ou ansent epi ou te fè bagay san pwoteksyon avèk yon patnè ki te vwayaje nan yon kote ki gen transmisyon viris Zika.
- Se yon gason oswa fanm ki vin (oswa te vini) malad avèk sentòm viris Zika nan 4 semèn apre ou te vwayaje yon kote viris Zika transmèt.

2. Jwenn yon “fòm apwobasyon pou fè tès pou viris Zika” nan departman sante lokal (local health department, LHD)

Pwofesyonèl swen sante ou ap travay avèk ou ak LHD ou pou jwenn apwobasyon sa a. (Enfòmasyon kontak pou LHD yo disponib sou sitwèb <http://www.nyscho.org/i4a/pages/index.cfm?pageID=3779>)

Ou dwe jwenn apwobasyon LHD ou anvan ou kapab fè tès la. Yo kapab imèl fòm nan ba ou oswa ba pwofesyonèl swen sante ou, oswa LHD ou kapab ba ou fòm nan. Yo kapab fakse fòm nan ba ou tou.

3. Jwenn yon preskripsyon pou tès pou viris Zika nan men pwofesyonèl swen sante ou

Anplis jwenn apwobasyon LHD pou tès la, pwofesyonèl swen sante ou ap ba ou yon preskripsyon pou tès laboratwa ki nesèsè.

4. Rele sant prelevman an pou wè si li nesèsè pou pran yon randevou.

Yon lis nimewo telefòn lopital ak laboratwa yo disponib pou pwofesyonèl swen sante ou ak departman sante lokal ou.

5. Ale nan sant prelevman an

Ou dwe pote fòm apwobasyon LHD te ba ou ak preskripsyon pwofesyonèl swen sante ou te ba ou. Sant prelevman echantiyon an pa kapab bay okenn tès laboratwa sof si ou bay yo fòm apwobasyon departman sante ak preskripsyon pwofesyonèl swen sante a. Nan sant prelevman a, y ap pran echantiyon san ak pipi pou yo voye nan Wadsworth Center, laboratwa sante piblik Eta New York, pou tès pou viris Zika. P ap gen frè pou ou peye pou prelevman san an ak pipi a, pou yo voye echantiyon yo ale ak pou tès la. Sonje pou mete rad manch kout oswa rad manch long ki kapab woule fasil.

6. Rezilta tès ou yo

Tès pou enfeksyon viris Zika se yon pwosesis ki gen de (2) etap. Premye rezilta tès la ap disponib nan kèk jou apre yo prelevman echantiyon yo. Men, nan pifò ka yo, lòt tès obligatwa pou fè pou yo detèmine si ou te enfekte; rezilta tès sa yo ka pran apeprè 21 jou akòz kalite konplike tès ki konsène yo. Kèk moun ka bezwen yo pran lòt echantiyon san twa (3) semèn apre premye echantiyon yo. Y ap voye rezilta sa yo ba pwofesyonèl swen sante ou, epitou ou kapab diskite sou rezilta ou yo, epitou ou kapab poze nenpòt kesyon ou ka genyen.

7. Ou gen kesyon?

Kontakte departman sante lokal ou: https://www.health.ny.gov/contact/contact_information/New_York_State_Department_of_Health nan nimewo New York State Department of Health **1-888-364-4723**.

Ou kapab jwenn enstwiksyon pou tès pou viris Zika pou moun k ap viv nan Vil New York sou sitwèb: <http://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/cd/zika-advisory4.pdf>